

Pwopozisyon  
Amannman  
Konstitisyonèl pou  
Eleksyon Jeneral  
(5 novanm 2024) la



## **Tab dèmatyè**

<b>Nim. 1 Amannman Konstitisyonèl.....</b>	<b>4</b>
Tit bilten vòt.....	4
<b>Eleksyon Manm Konsèy Eskolè Distrik sou Baz Pati Politik .....</b>	<b>4</b>
Rezime bilten vòt .....	4
Tèks .....	4
<b>Nim. 2 Amannman Konstitisyonèl.....</b>	<b>6</b>
Tit bilten vòt.....	6
<b>Dwa pou fè Lapèch ak Lachas.— .....</b>	<b>6</b>
Rezime bilten vòt .....	6
Tèks .....	6
<b>Nim. 3 Amannman Konstitisyonèl.....</b>	<b>7</b>
Tit bilten vòt.....	7
<b>Adilt ka Fè Itilizasyon Pèsonèl Mariwana.— .....</b>	<b>7</b>
Rezime bilten vòt .....	7
Deklarasyon Enpak Finansye ak Bidjè Eta a.....	7
Tèks .....	8
<b>Nim. 4 Amannman Konstitisyonèl.....</b>	<b>13</b>
Tit bilten vòt.....	13
<b>Amannman pou Limite Entèferans Gouvènman nan Kesyon Avôtman.— .....</b>	<b>13</b>
Rezime bilten vòt .....	13
Deklarasyon Enpak Finansye ak Bidjè Eta a.....	13
Tèks .....	14
<b>Nim. 5 Amannman Konstitisyonèl.....</b>	<b>15</b>
Tit bilten vòt.....	15
<b>Ajisteman Ànyèl sou Valè Sèten Egzanpsyón Pwopriyete Rezidansyél.—.....</b>	<b>15</b>
Rezime bilten vòt .....	15
Tèks .....	15
<b>Nim. 6 Amannman Konstitisyonèl.....</b>	<b>19</b>
Tit bilten vòt.....	19

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo siprime.

<b>Abolisyon Egzijans Finansman Piblik pou Kanpay.— ....</b>	<b>19</b>
Rezime bilten vòt .....	19
Tèks .....	19

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo siprime.

## **Nim. 1 Amannman Konstitisyonèl ATIK IX, SEKSYON 4 ak ATIK XII**

### **Tit bilten vòt Eleksyon Manm Konsèy Eskolè Distrik sou Baz Pati Politik**

#### **Rezime bilten vòt**

Pwopoze amannman nan Konstitiyon Eta a pou egzije manm konsèy eskolè yon distrik pou yo eli nan yon eleksyon sou baz pati politik olye de yon eleksyon non-patizan epi pou presize ke amannman an aplike sèlman pou eleksyon ki fèt nan eleksyon jeneral mwa novanm 2026 la oswa apre. Sepandan, eleksyon primè patizan ka fèt anvan eleksyon jeneral 2026 la nan objektif pou nonmen kandida pati politik yo pou pozisyon sa a pou plase non yo nan bilten vòt eleksyon jeneral 2026 la.

#### **Tèks**

#### **ATIK IX EDIKASYON**

**SEKSYON 4. Distrik eskolè yo; konsèy eskolè yo.—**

(a) Chak konte dwe fòme yon distrik eskolè; depi, de oswa plis konte vwazen, selon vòt elektè yo nan chak konte dapre lwa, yo ka konbine nan yon distrik eskolè. Nan chak distrik, dwe genyen yon konsèy eskolè ki gen senk mamm oswa plis ki chwazi pa vòt elektè yo nan yon eleksyon patizan non-patizan pou manda echelone ki awopriye pou kat ane, jan lalwa prevwa.

(b) Konsèy eskolè a dwe opere, kontwole ak sipèvize tout lekòl piblik gratis nan distrik eskolè a epi detèmine to taks distrik eskolè a nan limit ki preskri la a. De oswa plis distrik eskolè ka opere ak finanse pwogram edikasyon konjwen.

#### **ATIK XII DETAY**

Eleksyon patizan pou manm konsèy eskolè distrik.— Seksyon ak amannman sa a nan Seksyon 4 Atik IX ki egzije manm yon konsèy eskolè distrik pou yo eli nan yon eleksyon patizan olye de yon eleksyon ki non-patizan ap antre an vigè lè elektè yo bay apwobasyon yo, eksepte manm konsèy distrik eskolè yo pa ka eli

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo sprime.

sou yon baz patizan jiskaske eleksyon jeneral la fèt an novanm 2026. Sepandan, eleksyon primè patizan ka fèt anvan eleksyon jeneral ki pou fèt 3 novanm 2026 la, nan objektif nominasyon kandida pati politik yo nan fonksyon sa a pou plasman sou bilten vòt eleksyon jeneral 2026 la.

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo siprime.

## **Nim. 2 Amannman Konstitisyonèl ATIK I, SEKSYON 28**

**Tit bilten vòt  
Dwa pou fè Lapèch ak Lachas.—**

### **Rezime bilten vòt**

Pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta a pou prezève lapèch ak lachas pou tout tan, menm atravè itilizasyon metòd tradisyonèl tou, kòm yon dwa publik ak mwayen prefere pou jere e kontwole pwason ak lavi bêt sovaj yon fason ki responsab. Li presize ke amannman an pa limite otorite ki akòde a Komisyon Konsèvasyon Pwason ak Lavi Bèt Sovaj daprè Seksyon 9 Atik IV Konstitisyon Eta a.

### **Tèks**

#### **ATIK I DEKLARASYON DWA**

SEKSYON 28. Lapèch, lachas, ak priz pwason ak fòn.—  
Lapèch, lachas, ak priz pwason ak fòn, sa gen ladan itilizasyon  
metòd tradisyonèl, yo va konsève pou tout tan kòm yon dwa publik  
ak mwayen prefere pou jere ak kontwole pwason ak fòn yon fason  
ki responsab. Seksyon sa a pa limite otorite yo akòde pou  
Komisyon Konsèvasyon Pwason ak Fòn anba Seksyon 9 Atik IV.

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo siprime.

## **Nim. 3 Amannman Konstitisyonèl ATIK X, SEKSYON 29**

**Tit bilten vòt  
Adilt ka Fè Itilizasyon Pèsonèl Mariwana.—**

### **Rezime bilten vòt**

Pèmèt adilt 21 ane oswa plis posede, achte oswa itilize divès pwodui mariwana ak akseswa mariwana pou konsomasyon pèsonèl non-medikal pa mwayen fimen, absòbsyon oswa otreman; pèmèt Sant Tretman avèk Mariwana Medikal, ak lòt antite ki lisansye nan nivo Eta a, pwokire, kiltive, trete, fabrike, vann ak distribiye pwodui ak akseswa sa yo. Aplike nan Iwa Florid; pa chanje, oswa iminize vyolasyon Iwa federal. Etabli limit posesyon pou itilizasyon pèsonèl. Pèmèt kreyasyon Iwa ki konsistan. Defini tèm. Prevwa dat antre an vigè.

### **Deklarasyon Enpak Finansye ak Bidjè Eta a**

Enpak finansye amannman an soti prensipalman nan pèsepsyón taks sou lavant yo espere rantre. Si lavant mariwana non-medikal legal jodiya, li ka sijè a taks sou lavant e li ka rete konsa si votè yo apwouye amannman sa a. Daprè eksperyans lòt Eta, lavant an detay mariwana non-medikal yo prevwa a ka jenere omwen \$195.6 milyon pa ane nan revni taks sou lavant nan nivo Eta a ak gouvènman lokal, yon fwa mache lavant an detay la ap fonksyone konplètman, menmsi lè pou sa reyalize a pa klè. Daprè lalwa aktyèl, kad lejislatif ki egziste kounyeya pou mariwana medikal la aboli sis mwa apre dat antre an vigè amannman sa a ki afekte fason amannman sa a va antre an aplikasyon. Yon nouvo estrikti regilatwa pou itilizasyon medikal ak itilizasyon non-medikal mariwana va nesesè. Nou pa kapab konnen konsepsyón li konplètman jiskaske lejislati a aji; sepandan, frè reglementè yo petèt va balanse depans reglementè yo. Nou pa kapab predi lòt depans ak ekonomi potansyèl. **YO ESTIME PWOPPOZISYON AMANNMAN KONSTITISYONÈL SA A VA GEN YON ENPAK POZITIF NÈT SOU BIDJÈ ETA A. ENPAK SA A KA KOZE KREYASYON REVNI ADISYONÈL OSWA YON OGMANTASYON NAN SÈVIS GOUVÈNMAN AN.**

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo siprime.

## Tèks

### ATIK X DIVÈS

SEKSYON 29. Pwodiksyon, posesyon ak itilizasyon mariwana medikal.—

(a) POLITIK PIBLIK.

(1) Itilizasyon medikal mariwana pa yon pasyan kalifye oswa yon swayan an konfòmite ak seksyon sa a pa sijè a responsabilite kriminèl oswa sivil oswa sanksyon dapre lwa Florid.

(2) Yon doktè pa dwe sijè a responsabilite kriminèl oswa sivil oswa sanksyon dapre lwa Florid sèlman paske li bay yon sètifikasyon doktè avèk swen rezonab a yon moun ki dyagnostike avèk yon pwoblèm medikal afeblisan an konfòmite ak seksyon sa a.

(3) Aksyon ak konduit yon Sant Tretman Mariwana Medikal ki anrejistre nan Depatman an, oswa ajan oswa anplwaye li, e an konfòmite avèk seksyon sa a ak regleman Depatman an, pa p sijè a responsabilite kriminèl oswa sivil oswa sanksyon dapre lwa Florid.

(4) Itilizasyon pèsonèl ki pa medikal pwodui mariwana ak akseswa mariwana pa yon adilt, jan sa defini pi ba a, an konfòmite ak seksyon sa a pa sijè a okenn responsabilite kriminèl oswa sivil oswa sanksyon dapre Lwa Florid.

(5) Sant Tretman Mariwana Medikal, ak lòt antite ki gen lisans jan sa prevwa pi ba a, yo gen dwa fè akizisyoin, kiltive, trete, fabrike, vann, epi distribye pwodui mariwana ak akseswa mariwana pou adilt pou itilizasyon pèsonèl nan Dat Efektif ke yo bay anba a. Yon Sant tretman mariwana medikal, oswa lòt antite ki gen lisans Eta, ki gen ladan ajan li ak anplwaye li, aji an akò avèk seksyon sa a jan li gen rapò ak fè akizisyon, kiltive, trete, fabrike, vann, ak distribye pwodui mariwana ak akseswa mariwana pou adilt pou itilizasyon pèsonèl pa p sijè a responsabilite kriminèl oswa sivil oswa sanksyon dapre lwa Florid.

(b) DEFINISYON. Pou seksyon sa a, mo sa yo ak tèm sa yo va gen siyifikasiyon annapre yo:

(1) "Pwoblèm Medikal Defisyans" vle di kansè, epilepsi, glokòm, eta pozitif pou viris iminodefisyans imen (VIH), sendwòm iminodefisyans moun pran (SIDA), twoub estrès pòs-twomatik (PTSD), esklewoz lateral amyotwofik (ALS), maladi Crohn, maladi

Parkinson, esklewoz miltip, oswa lòt pwoblèm medikal afeblisan menm jan an oswa klas oswa ki konparab ak sa yo ki enimere, e yon doktè kwè ke itilizasyon medikal mariwana ta gen anpil chans kotwole risk potansyèl sante pou yon pasyan.

(2) "Depatman" vle di Depatman Sante oswa ajans siksesè li.

(3) "Kat idantifikasiyon" vle di yon dokiman Depatman an bay ki identifye yon pasyan kalifye oswa yon swayan.

(4) "Mariwana" gen siyifikasiyon yo bay Cannabis nan Seksyon 893.02(3), Lwa Florid (2014), epi, anplis de sa, "Cannabis Low-THC" jan sa defini nan Seksyon 381.986(1)(b), Lwa Florid (2014), yo dwe enkli tou nan siyifikasiyon tèm lan "mariwana."

(5) "Sant Tretman Medikal Mariwana" (MMTC) vle di yon antite ki achte, kiltive, posede, trete (sa gen ladan developman pwodui ki gen rapò tankou manje, tenti, ayewosòl, luil oswa krèm), transfere, transpòte, vann, distribye, egzanpsyón, oswa administre mariwana, pwodui ki gen mariwana, founiti ki gen rapò ak sa, oswa materyèl edikatif bay pasyan kalifye oswa swayan yo epi Depatman an anrejstre li.

(6) "Itilizasyon medikal" vle di akizisyón, posesyon, itilizasyon, livrezon, transfè, oswa administrasyon yon kantite mariwana ki pa an konfli avèk règ Depatman an, oswa founiti ki gen rapò ak sa pa yon pasyan kalifye oswa yon swayan pou itilize pa pasyan swayan kalifye pou tretman yon pwoblèm medikal afeblisan.

(7) "Swayan" vle di yon moun ki gen omwen venteyen (21) ane ki dakò pou ede yon pasyan kalifye pou sèvi ak mariwana medikal epi kalifye pou resevwa yon kat idantifikasiyon pou swayan Depatman an bay. Depatman an ka limite kantite pasyan kalifye yon swayan ka genyen alafwa ak kantite moun k ap bay swen yon pasyan kalifye ka genyen alafwa. Li entèdi pou swayan konsome mariwana pasyan kalifye a resevwa pou itilizasyon medikal.

(8) "Doktè" vle di yon moun ki gen lisans pou pratike lamedsin an Florid.

(9) "Sètifikasyon Doktè" vle di yon dokiman ekri ki siyen pa yon doktè, ki deklare ke apati opinyon pwofesyonèl doktè a, pasyan an soufri ak pwoblèm medikal afeblisan, ke itilizasyon medikal mariwana ta gen anpil chans kontwole risk sante potansyèl pou pasyan an, ak pou konbyen tan doktè a rekòmande itilizasyon medikal mariwana pou pasyan an. Yon doktè ka bay yon sètifikasyon doktè sèlman apre doktè a fin fè yon egzamen fizik ak yon evalyasyon konplè medikal istorik pasyan an. Pou yo ka

bay yon minè yon sètifica doktè, yon paran oswa gadyen legal minè a dwe bay konsantman alekri.

(10) "Pasyan kalifye" vle di yon moun ki te dyagnostike gen yon pwoblèm medikal afeblisan, ki gen yon sètifikasyon doktè ak yon kat idantifikasiyon pasyan kalifye. Si Depatman an pa kòmanse bay kat idantifikasiyon nan lespas nèf (9) mwa apre dat seksyon sa a antre an vigè, alò, yon sètifikasyon doktè valid va sèvi kòm yon kat idantifikasiyon pasyan pou pèmèt yon moun vin yon "pasyan kalifye" jiskaske Depatman kòmanse bay kat idantifikasiyon.

(11) "Akseswa mariwana" vle di nepòt ekipman, pwodui, oswa nepòt kalite materyèl ke yo itilize pou respire, enjere, aplike lokalman, oswa entwodui pwodui mariwana nan kò moun lòt fason pou itilizasyon pèsònèl.

(12) "Pwodui mariwana" vle di mariwana oswa machandiz ki genyen mariwana.

(13) "Itilizasyon pèsònèl" vle di posesyon, acha, oswa itilizasyon pwodui mariwana oswa akseswa mariwana pa yon adilt ki gen laj 21 ane oswa plis pou konsomasyon pèsònèl ki pa medikal nan fimen, enjère oswa otreman. Yon adilt pa bezwen yon pasyan kalifye pou li achte pwodui mariwana oswa akseswa mariwana pou itilizasyon pèsònèl nan yon Sant Tretman Mariwana Medikal. Yon posesyon endividyle mariwana pou itilizasyon pèsònèl pa dwe depase 3.0 ons mariwana eksepte ke pa plis pase senk gram mariwana kapab sou fòm konsantre.

(c) LIMITASYON.

(1) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki pèmèt yon vyolasyon kèlkeswa lwa sof pou konduit an konfòmite avèk dispozisyon ki nan seksyon sa a.

(2) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki va afekte oswa anile lwa ki gen rapò avèk itilizasyon, posesyon, pwodiksyon, oswa vant mariwana non-medikal.

(2) Pa gen anyen nan amannman sa a ki entèdi Lejislati a adopte lwa ki konsistan avèk amannman sa a.

(3) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki otorize itilizasyon mariwana medikal pa nepòt moun ki pa yon pasyan kalifye.

(4) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki va pèmèt operasyon kèlkeswa veyikil, avyon, tren oswa bato pandan yon moun anba enflyans mariwana.

(5) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki chanje lwa federal oswa ki egzije vyolasyon lwa federal oswa ki pretann bay iminite anba lwa federal.

(6) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki va egzije akomodman pou kèlkeswa itilizasyon inilateral mariwana medikal nan nenpòt enstitisyon koreksyonèl oswa sant detansyon oswa lokal edikasyon oswa travay, oswa fimen mariwana medikal nan nenpòt lokal piblik.

(7) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki va mande okenn founisè asirans sante oswa okenn ajans oswa otorite gouvènman an ranbouse moun pou depans ki gen rapò ak itilizasyon medikal mariwana.

(8) Pa gen anyen nan seksyon sa a ki va afekte oswa anile lwa ki gen rapò ak neglijans oswa fot pwofesyonèl yon pasyan kalifye, swayan, doktè, MMTC, oswa ajan oswa anplwaye li.

(d) DEVWA DEPATMAN AN. Depatman an dwe bay regleman rezonab ki nesesè pou aplikasyon ak ranfòsman seksyon sa a. Objektif regleman yo se pou asire disponiblite ak itilizasyon san danje mariwana medikal pa pasyan kalifye yo. Se devwa Depatman an pou li pibliye regleman yo alè.

(1) Regleman aplikasyon. Pou bay Depatman an ase tan apre yo fin pase seksyon sa a, regleman sa yo dwe pibliye pa pi ta pase sis (6) mwa apre dat seksyon sa a antre an vigè:

a. Pwosedi pou emisyon ak renouvèlman anyèl kat idantifikasiyon pasyan kalifye pou moun ki gen sètifikasyon doktè ak estanda pou renouvèlman kat idantifikasiyon sa yo. Anvan yo bay yon kat idantifikasiyon pou yon minè, Depatman an dwe resevwa konsantman ekri nan men paran oswa gadyen legal minè a, anplis sètifikasyon doktè a.

b. Pwosedi ki etabli kalifikasyon ak estanda pou swayan, tankou fè verifikasiyon antedesan pèsonèl ki apwopriye ak pwosedi pou emisyon ak renouvèlman anyèl kat idantifikasiyon swayan.

c. Pwosedi pou anregistrement MMTC tankou pwosedi pou emisyon, renouvèlman, sispanson ak anilasyon enskripsyon an, ak estanda pou asire bonjan sekirite, mentnans dosye, tès, etiktaj, enspeksyon, ak sekirite.

d. Yon regleman ki defini kantite mariwana ki ta ka rezonableman sipoze yon rezèv adekwa pou itilizasyon medikal pasyan kalifye, baze sou meyè prèv ki disponib. Sipozisyon sou

kantite sa a ka simonte avèk prèv ki montre itilizasyon medikal apwopriye yon pasyan kalifye.

(2) Kat idantifikasyon ak anrejistrem. Depatman an ap kòmanse emèt kat idantifikasyon pasyan kalifye ak swayan, epi li ap enskri MMTC yo pa pi ta pase nèf (9) mwa apre dat seksyon sa a antre an vigè.

(3) Si Depatman an pa bay regleman oswa si Depatman an pa kòmanse emèt kat idantifikasyon ak anrejistre MMTC yo nan limit tan ki fikse nan seksyon sa a, nenpòt sitwayen Florid ap gen dwa chèche sekou jidisyè pou konfôme li avèk responsabilite konstitisyonèl Depatman an.

(4) Depatman an dwe pwoteje konfidansyalite tout pasyan kalifye. Tout dosye ki genyen idantite pasyan kalifye dwe rete konfidansyèl epi yo pa dwe sibi divilgasyon publik sof pou rezon medikal oswa pou fè respekte lalwa.

(e) LEJISLASYON. Pa gen anyen nan seksyon sa a ki ap limite lejislati a pou li adopte lwa ki konsistan avèk seksyon sa a. Lejislati a ka bay lisans antite ki pa Sant Tretman Mariwana Medikal pou fè akizisyon, kiltive, posede, trete, transfere, transpòte, vann, ak distribye pwodui marigwana ak akseswa marigwana pou itilizasyon pèsonèl adilt.

(f) PWOVIZYON LEGAL. Dispozisyon ki nan seksyon sa a separab, e si nenpòt kloz, fraz, paragraf oswa seksyon mezi sa a, oswa yon aplikasyon, yon tribinal ki gen jiridiksyon konpetan jije li pa valid, gen lòt dispozisyon ki va kontinye an vigè osi pafètman ke posib.

(g) DAT MIZ ANVIGÈ. Amannman sa a ap antre anvигè sis (6) mwa apre apwobasyon votè yo.

## **Nim. 4 Amannman Konstitisyonèl ATIK 1, NOUVO SEKSYON**

### **Tit bilten vòt**

**Amannman pou Limite Entèferans Gouvènman nan Kesyon Avòtman.—**

### **Rezime bilten vòt**

Okenn lwa pa dwe entèdi, penalize, retade, oswa limite avòtman anvan vyabilite oswa lè sa nesesè pou pwoteje sante pasyan an, daprè jan founisè swen sante pasyan an detèmine sa.

Amannman sa a pa chanje otorite konstitisyonèl Lejislati a pou li egzije notifikasyon a yon paran oswa gadyen anvan yon minè fè yon avòtman.

### **Deklarasyon Enpak Finansye ak Bidjè Eta a**

Pwopozisyon amannman an ta lakoz byen plis avòtman ak mwens nesans chak ane nan Florid. Ogmantasyon avòtman ta ka menm pi gran si amannman an anile lwa ki egzije konsantman paran anvan moun ki minè yo fè avòtman e lwa ki garanti ke se sèlman doktè ki gen lisans ki fè avòtman. Genyen ensètitid tou sou si amannman an va egzije pou Eta a sibvansyone avòtman avèk fon publik. Litij pou rezoud ensètitid sa yo ak lòt ankò va lakoz depans adisyonèl pou gouvènman Eta a ak tribinal Eta yo, sa va gen enpak negatif sou bidjè Eta a. Yon ogmantasyon avòtman ka gen yon efè negatif sou kwasans revni Eta a ak revni lokal yo amezi gen tan ki ap pase. Akoz enpak fiskal ogmantasyon avòtman an sou revni e depans Eta ak sou revni e depans lokal yo pa kapab estime avèk presizyon, enpak total pwopozisyon amannman an endetèmine.  
**ENPAK FINANSYE AMANNMAN SA A PA KA DETÈMINE AKÒZ ANBIGUITE AK ENSÈTITID KI ANTOURE ENPAK AMANNMAN AN.**

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo siprime.

## Tèks

### ATIK 1 DEKLARASYON DWA

Amannman pou Limite Entèferans Gouvernman nan Kesyon  
Avòtman

SEKSYON . Limite entèferans gouvènman an nan ksyon  
avòtman.— Eksepte jan sa endike nan Atik X, Seksyon 22, okenn  
lwa dwe pa p entèdi, penalize, retade, oswa mete restriksyon sou  
avòtman anvan vyabilite oswa lè sa nesesè pou pwoteje sante  
pasyan an, jan swayan pasyan an detèmine.

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo siprime.

## Nim. 5 Amannman Konstitisyonèl

### ATIK VII, SEKSYON 6 AK ATIK XII

#### **Tit bilten vòt**

**Ajisteman Ànyèl sou Valè Sèten Egzanpsyon Pwopriyete Rezidansyèl.—**

#### **Rezime bilten vòt**

Pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta a pou egzije yon ajisteman ànyèl pou enflasyon sou valè egzanpsyon aktyèl oswa alavni sou pwopriyete rezidansyèl ki aplike sèlman sou prelèvman yo ki pa konsène prelèvman distri eskolè, epi si tout moun ki genyen yon tit legal oswa ekitab sou yon byen imobilye e ki mentni rezidans pèmanan pwopriyetè a nan pwopriyete a, oswa rezidans yon lòt moun ki depann legalman oswa natirèlman de pwopriyetè a, elijib pou egzanpsyon sa yo. Amannman sa a va antre an vigè 1ye janvy 2025.

#### **Tèks**

### **ATIK VII FINANS AK TAKSASYON**

#### **SEKSYON 6. Egzanpsyon Homestead.—**

(a)(1) Tout moun ki gen tit legal oswa ekitab byen imobilye epi ki kenbe rezidans pèmanan nan pwopriyetè a, oswa yon lòt depandan legal oswa natirèl pwopriyetè a, va gen egzanpsyon taks sou li, eksepte evalyasyon pou avantaj espesyal, jan sa ekri annapre a:

- a. Jiska valyasyon ki evalye a vennsenk mil dola; epi,
- b. Pou tout prelèvman ki pa prelèvman distrik eskolè yo, sou evalyasyon ki evalye plis pase senkant mil dola ak jiska swasanndisenk mil dola, sou etablisman dwa nan fason ki preskri pa lalwa. Byen imobilye a ka gen tit legal oswa ekitab, antyèman, konjwen, an komen, kòm yon kondominyòm, oswa endirèkteman pa pwopriyetè aksyon oswa manm ki reprezante pwopriyetè a oubyen enterè pwopriyetè anan yon kòporasyon ki posede yon frè oswa yon lokasyon okòmansman nan ki depase

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo sprime.

katrevendizwit ane. Egzanpsyon an pa p aplike pou okenn evalyasyon jiskaske yon ajans leta deziyen pa lwa jeneral detèmine wòl sa a an konfòmite ak dispozisyon seksyon 4 la. Egzanpsyon sa a anile nan dat miz an vigèf nenpòt amannman nan Atik sa a ki prevwa pou evalyasyon pwopriyete homestead a mwens pase valè jis li.

(2) Montan vennsenk mil an dola nan evaliasyon pwopriete ki egzante de taks ki nan paragraf (a)(1)b. a va ajiste chak ane nan 1ye janvye pou enflasyon lè nou sèvi avèk chanjman pousantaj nan endis pri a la konsomasyon yo pou tout moun Konsomatè Iben, Mwayèn Vil Etazini, tout atik 1967=100, lò rapò pou ane anvan an kòm Depatman Travay Etazini, Biwo nan Estatistik Travay rapòtè okòmansman, si chanjman pousantaj sa yo pozitif.

(3) Montan evalyasyon ki egzante de taksasyon an pou ki chak moun ki gen tit legal oswa ekitab byen imobilye e moun ki kenbe rezidans pèmanan pwopriyetè a, oswa yon lòt moun ki legalman oswa natirèlman depandan de pwopriyetè a, elijib, epi li aplikab sèlman a prelèvman ki pa prelèvman distrik eskolè, ki ajoute sou konstitisyon sa a apre 1ye janvye 2025, yo va ajiste chak ane nan 1ye janvye pou enflasyon lè yo sèvi avèk chanjman pousantaj nan Endis Pri a la Konsomasyon pou Tout Konsomatè Iben, Mwayèn Vil Etazini, tout atik 1967=100, lò rapò pou ane anvan an kòm Depatman Travay Etazini, Biwo nan Estatistik Travay rapòtè okòmansman, si chanjman pousantaj sa yo pozitif, apati ane ki vin apre miz an vigè dat egzanpsyon sa a.

(b) Yo pa p otorize plis pase yon sèl egzanpsyon yon moun oswa fanmi oswa sa ki gen rapò ak yon inite rezidansyèl. Pa gen okenn egzanpsyon ki va depase valè byen imobilye ki evalyab a pwopriyetè a oswa, nan ka tit pwopriyete pa aksyon oswa an kalite manm nan yon kòporasyon, valè pwopòsyon enterè nan kòporasyon an pote sou valè evalyasyon pwopriyete a.

(c) Dapre lwa jeneral e sijè a kondisyon ki espesifye ladan, Lejislati a ka bay lokatè yo, ki se rezidan pèmanan, soulajman taks ad valorem sou tout prelèvman taks ad valorem. Soulajman taks ad valorem sa yo dwe nan fòm ak kantite lajan lwa jeneral etabli.

(d) Lejislati a kapab, dapre lwa jeneral, pèmèt konte oswa minisipalite yo, nan objektif taks respektif yo epi sije a dispozisyon lwa jeneral yo, bay youn oswa toulede egzanpsyon siplemante taks homestead annapre yo:

(1) Yon egzanpsyon ki pa depase senkant mil dola pou yon moun ki gen tit legal oswa ekitab nan byen imobilye epi ki kenbe rezidans pèmanan sou pwopriyetè a, ki rive nan laj swasant-senk, epi ki gen revni fwaye li pa depase ven mil dola, jan lwa jeneral defini; oswa

(2) Yon egzanpsyon ki egal a valè evalyasyon pwopriyete a pou yon moun ki gen tit legal oswa ekitab nan byen imobilye ki gen yon valè jis ki mwens pase desansenkant mil dola, jan yo detèmine nan premye ane fiskal pwopriyetè a aplike epi li elijib pou egzanpsyon an, e li kenbe rezidans pèmanan sou pwopriyetè a pou pa mwens pase vennsenk ane, li te rive nan laj swasant-senk ane, epi li gen revni fwaye ki pa depase limit revni preskri nan paragraf (1).

Lwa jeneral la dwe pèmèt konte ak minisipalite yo bay egzanpsyon adisyonèl sa yo, nan limit ki preskri nan sou-seksyon sa a, pa ôdonans ki te adopte nan fason lwa jeneral preskri, epi yo dwe prevwa ajisteman peryodik nan limit revni ki preskri nan sou-seksyon sa a pou chanjman nan pri lavi a.

(e)(1) Chak veteran ki gen laj 65 ane oswa plis ki andikape pèmanan an pati oswa totalman ap resevwa yon rabè sou montan taks ad valorem ki dwe otreman sou pwopriyete veteran an posede ak abite ladan si andikap la te gen rapò ak konba. epi si veteran an te kite sèvis onorableman lè li te separe de sèvis militè a. Rabè a dwe nan yon pouvantaj ki egal ak pouvantaj andikap pèmanan veteran an, ki gen rapò ak sèvis jan Depatman Afè Veteran Etazini detèmine. Pou yon aplikan kalifye pou rabè a akòde nan paragraf sa a, li dwe soumèt bay evalyatè pwopriyete konte a, anvan 1ye mas, yon lèt ofisyèl ki soti nan Depatman Afè Veteran Etazini ki endike pouvantaj andikap veteran an ki gen rapò ak sèvis la ak prèv ki rezonableman idantifye andikap ki gen rapò ak konba, yon kopi fen sèvis onorab veteran an. Si evalyatè pwopriyete a refize demann pou yon rabè, evalyatè a dwe notifye aplikan an alekri sou rezon ki motive refi a, epi veteran an ka reaplike. Lejislati a ka, dapre lwa jeneral, anile egzijans aplikasyon anyèl la nan ane ki vin apre yo.

(2) Si yon veteran ki resevwa rabè ki dekri nan paragraf (1) mouri anvan konjwen li, epi si, lè veteran an mouri, mari oswa madanm sivivan an gen tit legal oswa benefisyè nan pwopriyete homestead la epi li abite definitivman sou li, rabè a ap pote nan benefis mari oswa madanm sivivan an jiskaske li remarye oswa

vann oswa li debarase I de homestead pwopriyete a. Si mari oswa madanm sivivan an vann oswa debarase I de homestead pwopriyete a, yo ka transfere yon rabè ki pa depase montan an dola yo akòde nan dènye dosye taks ad valorem la sou nouvo pwopriyete mari oswa madanm sivivan an, si li itilize li kòm rezidans pèmanan li oswa si li poko remarye.

(3) Sou-seksyon sa a egzekite oto, atikmam epi li pa egzije aplikasyon lejislasyon.

(f) Dapre lwa jeneral ak sijè a kondisyon ak limit ki espesifye ladan, Lejislati a ka bay soulajman taks ad valorem ki egal a montan total oswa yon pati nan taks ad valorem yo dwe sou pwopriyete homestead la:

(1) Konjwen sivivan yon veteran ki te mouri an sèvis pandan li te nan sèvis aktif kòm manm Fòs Lame Etazini.

(2) Konjwen sivivan yon premye sekouris ki te mouri an sèvis.

(3) Yon premye sekouris ki andikape pèmanan e totalman akòz yon blesi oswa plizyè blesi sibi an sèvis. Koneksyon koz ant yon andikap ak sèvis pa dwe sipoze men yo dwe detèmine jan lwa jeneral prevwa. Pou rezon ki nan paragraf sa a, tèm “enfimite” pa gen ladan yon pwoblèm kwonik oswa yon maladi kwonik, sof si li sibi aksidan an an sèvis la se sèl kòz pwoblèm kwonik la oswa maladi kwonik la.

Jan yo itilize tèm “premye sekouris”nan sou-seksyon sa a epi jan lwa jeneral defini li plis, li vle di yon ofisyè fòsdelòd, yon ofisyè koreksyonèl, yon ofisyè ponpye, yon teknisyen medikal dijans, oswa yon paramedik, ak tèm “an sèvis” vle di emèje nan pèfòmans aktyèl la nan sèvis li kòm premye sekouris.

## **ATIK XII DETAY**

Ajisteman anyèl nan valè egzanpsyón homestead.—Seksyon sa a ak amannman nan Seksyon 6 Atik VII ki egzije yon ajisteman anyèl pou enflasyon nan egzanpsyón homestead espesifye ap antre an vigè 1ye janvye 2025.

## Nim. 6 Amannman Konstitisyonèl ATIK VI, SEKSYON 7

**Tit bilten vòt**  
**Abolisyon Egzijans Finansman Publik pou Kanpay.—**

### **Rezime bilten vòt**

Pwopoze abolisyon pwovizyon nan Konstitisyon Eta a ki egziste finansman publik pou kanpay kandida pou pòs elektif nan tout Eta a ki dakò avèk limit depans kanpay.

### **Tèks ki dwe anile**

#### **ATIK VI VÒT AK ELEKSYON**

~~SEKSYON 7. Limit depans kanpay ak finansman kanpay pou pòs elektif nan tout Eta a. Se politik Eta sa a pou ofri eleksyon nan tout eta a kote tout kandida ki kalifye kapab fè konpetisyon kchèrèkteman. Lalwa dwe etabli yon metòd finansman publik pou kanpay pou pòs elektif nan tout eta a. Yo dwe etabli limit depans pou kanpay sa yo pou kandida ki itilize fon publik nan kanpay yo. Lejislati a dwe mete finansman disponib pou dispozisyon sa a. Lwa jeneral ki ap aplike paragraf sa a dwe omwen ofri menm pwoteksyon a yon kandida ki itilize fon publik pou yon konpetisyon kchèrèk tankou lwa jeneral 1ye janvye 1998 ki ap anvizè a.~~

(fen an)

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo sprime.

**Depatman Deta Florid  
Divizyon Eleksyon  
The R.A. Gray Building, Room 316  
500 South Bronough Street  
Tallahassee, Florida 32399-0250  
Telefòn: 850.245.6200  
Sit entènèt: [www.dos.fl.gov/elections](http://www.dos.fl.gov/elections)**

Mo ki soulinye yo se mo ke yo ajoute, mo ki gen trè yo se mo ke yo siprime.